

“Si pou gen chanjman, se nou k pou pote l”

Istwa aktivite devlopman sitwayen
ayisyen ap mennen ann Ayiti

Yon publikasyon
“Le Centre Haïtien du Leadership et de l’Excellence”
nan tèt kole ak “Coady International Institute”



Se Coady International Institute ki pibliye dokiman sa a, an jiyè 2013

ISBN 978-0-9918812-6-0 (Liv enprime a)

ISBN 978-0-9918812-7-7 (Liv elektwonik la)

© Coady International Institute

Creative Commons Attribution-NonCommercial-ShareAlike 2.5 Canada License

<http://creativecommons.org/licenses/by-nc-sa/2.5/ca/>

Nenpòt moun gen dwa kopye piblikasyon sa a oswa yon pati ladan pou yo distribiye l gratis san yo pa bezwen mande yon lèt pèmasyon, depi yo deklare byen klè se otè yo ak Coady International Institute ki mèten materyèl sa a. Nenpòt travay ki fèt gras a adaptasyon materyèl sa a dwe disponib pou lòt moun tou dapre menm kondisyon sa yo tou.

The Coady International Institute
St. Francis Xavier University
BP 5000
Antigonish, NS
Canada B2G 2W5

Telefòn: (902) 867-3960
Telefòn: 1-866-820-7835 (within Canada)
Faks: (902) 867-3907
Sit entènèt: www.coady.stfx.ca
Imèl: coady@stfx.ca

Men sa ki nan dokiman sa a

Ekip pou etid ka yo 4

Remèsiman 4

Asosye 4

De mo pou kòmanse 5

Entwodiksyon 7

ETID KA

La Montay: Fè jèn moun tounen rete lakay yo 9

Palto: Mete yon “revolisyon” pou fi andeyò nan Sodo 12

San Yago: Fòm lyen ant sitwayen ak gouvènman 14

Site Solèy: Jèn yo chanje figi katye yo 16

Bay: Rebati zòn nan nan tèt ansanm 19

Kesyon pou ankouraje refleksyon ak diskisyon 22

Se konpayi CREOLETRANS ki tradui dokiman Angle sa a an Kreyòl:

CREOLETRANS,CO
375 N.E. 54th Street
Suite 1
Miami, FL 33137

Telefòn: (305) 754-4348
Faks: (305) 756-3265
Imel: info@creoletrans.com
Sit Wèb: www.creoletrans.com

Ekip pou etid ka yo

Djerhy Jean Baptiste | Moderatè Pwogram edikasyon, Le Centre Haïtien du Leadership et de l'Excellence

Jon Bougher | Sineyas endepandan

Gord Cunningham | Asistan Direktè, Coady International Institute

Lucía Di Poi | Asistan Planifikasyon ak devlopman, Le Centre Haïtien du Leadership et de l'Excellence

Ryan Hass | Direktè fòmasyon, American Jewish Joint Distribution Committee

Brianne Peters | Kòdonatè pwogram, Coady International Institute

Sabina Carlson Robillard | Manadjè pwojè, Future Generations

Alexandre Telfort | Moderatè Pwogram edikasyon, Le Centre Haïtien du Leadership et de l'Excellence

Remèsiman

Ekip pou etid ka yo remèsye manm kominote Lamontay, Palto, Bay ak Site Solèy anpil poutèt yo pataje tout efò yo fè ak bon rezilta yo jwenn avèk nou epi poutèt yo te kite nou rete lakay yo pandan tout tan rechèch la. Istwa yo se prèv san mank ki montre ki jan gen devlopman pozitif atravè peyi Ayiti. Pou jan nou selebre sa yo reyalize yo epi pou jan nou pataje yo ak lòt moun, nou espere sa ap ba yo ankourajman pou yo kontinye bon travay sa a, epi pou bay lòt moun enspirasyon pou yo kreye aktivite nan pwòp kominote pa yo. Nou remèsye tout moun ki te prezante nou nan kominote sa yo epi ki te akonpaye nou pandan tout tan nou te nan mitan nou an. Epi tou nou remèsye tout moun ki te kontribiye ak lide yo nan piblikasyon sa a, nan de mo pou kòmanse a, nan entwodiksyon an ak nòt prefas pou chak ka nou analize. Finalman, nou remèsye Canadian International Development Agency, American Jewish Joint Distribution Committee, TK Foundation, ak ONEXONE Foundation, pou finansman yo te bay pou reyalizasyon etid ka sa yo.

Asosye

Le Centre Haïtien du Leadership et de l'Excellence (CHLE, Sant ayisyen pou lidèchip ak bon jan travay), se yon òganizasyon ki tabli an 2011 pou prepare nouvo lidèchip ki wè gran, lidèchip ki panse pou peyi, nan sektè prive, nan sektè gouvènman ak nan sektè devlopman kominote ann Ayiti. Sant lan ofri pwogram edikasyon sou lidèchip pou fi, jenn moun, aktivis sivil, ofisyèl gouvènman ak responsab komès. Epi tou, sant lan fè rechèch sou bagay ki nouvo nan nivo kominote a dapre aktivite moun zòn yo ap antreprann. Yo sèvi ak rezilta bagay nouvo sa yo pou ankouraje moun ki konsène yo avèk kèk kanpay sou lidèchip nan tèt ansanm pou tout nivo nan sosyete ayisyen an.

The Coady International Institute se youn nan pi gran òganizasyon entènasyonal nan kesyon fòmasyon an devlopman ki baze nan kominote, note se sitwayen peyi a k ap mennen aktivite devlopman yo. Enstiti Coady International Institute chita nan Inivèsite St. Francis Xavier, Nova Scotia, Kanada. Li ofri tout yon seri pwogram edikasyon diferan pou ede kominote konte sou pwòp tèt yo, pou sekirite mondyal, jistis sosyal ak patisipasyon tout moun yon fason demokratik. Gen plizyè mil moun ki fini etid yo nan Enstiti Coady k ap travay nan 130 peyi, pou yo atake rasin sa ki lakòz povrete ak inegalite, epi pou ede sitwayen kreye kominote ki ka konte sou pwòp tèt yo.

De mo pou kòmanse

— Gran Onorab Michaëlle Jean

27yèm Gouvènè Jeneral ak Kòmandan an Chèf Kanada, Delege Espesyal UNESCO ann Ayiti

Premye pawòl sa yo soti nan diskou “Transformative leadership for social uplift: New leaders for the new Haiti” Michaëlle Jean te bay le 10 oktòb 2012 nan sant komèsyal World Trade and Convention Centre, Halifax, Kanada.

Mwen fenk soti nan yon misyon ann Ayiti. Kite m di nou yon bagay: jounen jodi a, Ayiti bezwen yon lidèchip ki baze sou patisipasyon pwòp sitwayen li, pou yon nouvo sous enèji moun byen djanm kapab parèt, moun ki devwe pou yo leve eskap figi sosyete a, moun ki devwe pou byennèt tout moun, moun ki devwe pou avansman tout yon pèp. Ayiti genyen bezwen sa jodi a pi plis pase anvan.

Kounye a se pi bon moman pou devlope nesesite pou apwòch syantifik ki fòme ADN fondamantal òganizasyon “Le Centre Haïtien du Leadership et de l’Excellence” (CHLE), doub objektif li genyen pou bati yon responsablite kolektif ak lidèchip sivik. Ban m rakonte nou yon ti istwa sou dènye misyon m lan. Sa kab ban nou yon ide sou sèten pwoblèm Ayiti genyen kounye a.

Si nou sonje, Ayiti sot sibi gwo pèt nan tranblemanntè janvyè 2010 la. Pi fò bilding gouvènman yo kraze anba sekous lanmò sa yo. Pandan tan m te pase Ayiti a, Prezidan Mateli te envite m pou m vizite divès chantye konstriksyon nan Pòtoprens. Gen yon bagay nou dwe konnen: gen bèl bèl travay ki fèt pandan de ane ki sot pase yo. Sou 1 600 000 moun ki pa t gen kote pou yo rete, se sèlman 300 000 ki poko gen yon kote definitiv pou yo rete. Kounye a nou kab fete poutèt 90 pou san nan kan pwovizwa yo pa la ankò.

Antan m te nan wout ak prezidan an pou n ale nan youn nan katye kote y ap konstwi kay pou moun yo, nouvo la te gen tan vante. San sipriz te gen tan gen plizyè santèn moun ki rasanble. Anpil nan yo te vini pou mande djòb. Gen yon kantite jenn gason ki vin mande: “Prezidan! Prezidan! Ban m yon djòb, non!” Yo chak leve men yo: “Prezidan, sa w pral fè pou mwen?” Pou mwen, pou mwen. Se toujou “pou mwen”!

Kon sa, kote m kanpe bò kot prezidan an, m ap mande m ki jan l pral fè ak sitiyasyon an. Li pale ak foul moun yo, l ap eseye eslipe yo pwojè a: “Wi, pral gen djòb. Wi, plan

devlopman yo kòmanse epi y ap vin ak nouvo travay, nouvo izin nan katye sa a.”

Malgre sa, jenn ti mesye yo kontinye: “Ban m yon djòb! Prezidan, m bezwen on djòb!” Sa fè prezidan Mateli vire gade responsab chantye a, li mande l “Ou pral pran plis moun? Ou bezwen moun toujou?” Responsab chantye a reponn li: “Wi! N ap bezwen yon santèn moun ankò. Sitou mason ak bòs chapant. Nou gen djòb pou plis moun.”

Te gen yon mesye ki tou pre ak prezidan an. Li kontinye rele pi fò. Prezidan an di: “Oke, ou menm!” Epi misye twò kontan reponn pandan l ap vole: “O! Wi, mwen menm! M jwenn yon djòb!”

Men prezidan an estope msye, li di: “Non. Non. Tann yon moman. Responsab chantye a fenk di m fò k yo fè rekritman anvan yo anboche moun. Kon sa, anvan pou ou jwenn djòb, m ap ba w yon responsablite. Ki travay ou konn fè?”

Mesye a di: “M se on bòs mason.” Prezidan an di: “Sa se yon bon bagay, paske nou bezwen mason. Fòmman nan di m li bezwen 25 bòs mason. Men ki responsablite m ap ba ou: anvan nou anboche w kòm mason, ou pral chèche 24 lòt bòs. Se mason w fè, pa vre? Sa vle di ou konnen lòt bòs, pa sa?”

Men nèg la kontinye vole. L ap rele: “Weee! M jwenn yon djòb!” Prezidan an redi msye: “Non, sanble ou pa konprann. Se pa yon djòb ou genyen. Se yon responsablite ou genyen. Responsablite pou ou al fè rekritman 24 lòt bòs mason plis ou menm sa pral fè 25. Fòmman nan bezwen anboche 25 bòs mason.” “O, prezidan, mèsè anpil pou sa w fè pou mwen la a!” Prezidan an di: “Non, zanmi pa m, sanble ou poko janm konprann.”

Prezidan an repete bagay la ankò menm senk fwa bay msye: Se yon responsablite ou genyen, avan tou. Ou sipoze chèche 24 lòt bòs mason. “Se pa sèlman ou menm. Nou pa la pou n ede yon grenn moun apa.”

Pou mwen dyalòg sa a te yon bèl egzanj sa k ap pase nan reyalye a ann Ayiti. Kesyon k ap domine tout moun, se: “Ki sa w ap fè pou mwen. “Ki sa w ap ban m?” “Ban m yon bagay. Kichòy pou mwen. Mwen. Mwen. Mwen.”

Avantaj chak grenn moun pase anvan avantaj tout leta a ki fin demantibile. Yon lòt moun a fè sa pou mwen. Fè sa pou mwen. Se ak kalte mantalite sa a nou ann afè. Men yon konpòtman tout nouvo lidèchip pou Ayiti dwe bat pou yo chanje. Paske lidèchip se kontrè chak moun wè pwòp tèt yo ak pwòp ti klan pa yo. Lidèchip se desizyon an gwoup. Lidèchip se pran responsablite. Lidèchip se bay responsablite. Lidèchip se panse pou tout moun. Ki sa lidèchip itil si l pa makònen ak lide byennèt pou tout moun? Epi si li pa chèche garanti byennèt pou tout kominote a ann antye? Pou mwen, lidèchip fè yon sèl ak lide byennèt tout moun.

Gen plizyè kalte lidèchip. Sa m pi renmen an, e sa CHLE bezwen an, se pa sa ki sèvi tèt li an premye a. Ni tou se pa sa ki parèt tankou yon “sovè” a, sa ki “gwo ponyèt” la, ki kenbe pouvwa a pou li a. Bondye sèl ki konnen jan nou te temwen fòs destriksyon sèten kalte lidèchip ki chita sou diktati. Tout lidèchip pa fèt egal ego. Dapre mwen, lidèchip se rann kominote ki pi fèb yo endepandan, pou byennèt tout moun.

Nan tout angajman mwen pran, mwen kenbe, se yon sèl dezi m genyen: chèche kreye posiblite toutbon pou lòt moun pale, pou nouvo lidè prezante tèt yo. Yon lidèchip ki mennen chanjman, se sa ki makònen tout efò k ap fèt ansanm, dapre mwen. Mwen kwè apwòch CHLE a ki mande pou tout sitwayen pran pa nan devlopman, se solisyon ki bay plis espwa pou yon chanjman manch long ann Ayiti. Pwogram Sant lan genyen kote li vize sis pati diferan an, se kle pou retire Ayiti sou kont moun. Sis pati pwogram nan vize yo se dirijan pami jèn yo, pami manm sosyete sivil la, dirijan sivik yo, dirijan antrepriz yo, dirijan nan gouvènman peyi a ak dirijan nan mitan medam yo.

Sant lan kreye tankou yon espas pou posiblite epi pou tout moun jwenn chans yo, pou atenn pi bon nivo ki genyen san okenn chwa yon ti gwoup moun. Mwen wè sant lan tankou yon wout ki louvri pou anpil moun vini.

Sousi mwen genyen se pou tout moun san patipri ta ka jwenn chans yo anndan yon Sant kon sa. Lidèchip nan peyi Ayiti bezwen ouvè pou tout moun. Sant lan gen kapasite pou l sèvi kòm baz santral pou pi bon bagay k ap fèt: yon sant pou nouvotè ki genyen nan lidèchip, ki santre sou lide byennèt pou tout moun. Kle pou aktivite kon sa reyisi, se antre jenès la nan sa k ap fèt yo, garanti pwogramasyon an desantralize epi gen bon patenarya ki ka rete anpil tan, ki tabli ak enstitisyon ki deja la ann Ayiti yo, epi nan fason Ayisyen wè bagay yo.

Lè CHLE ede dirijan pami sitwayen ki soti nan baz pèp la, se vwa li bay pèp la pou ede nan batay kont enjistis, nan batay pou diminye povrete, pou kore jistis nan mitan sosyete a anndan kominote yo. Menm jan avè m, CHLE rekonèt fòs ak kapasite fi genyen, ansanm ak jèn, ansanm ak natif natal yon peyi, pou pote chanjman.

Epi tou ou konnen sa k pi bèl lè moun yo te neglije vin gen pouvwa epi yo kòmanse jwenn vrè plas yo nan lemonn? Yo vin ak nouvo limyè pou klere sou tout bagay. Sou tèt yo... sou ou... Nou kòmanse ajoute nouvo dimansyon sou tout bagay, menm sans sa genyen lè yon moun se dirijan. Lidèchip pou kont pa l vin gen yon lòt chanjman. Li vin diferan. Li vin yon bagay moun pataje ansanm. Li vin yon bagay pou tout moun. Li vin yon bagay moun plis konsyan de li. Epi nou tout vin gen plis kapasite avèk richès pou laji posiblite ki lakay moun.

Menm jan ak lavi menm, bagay nou reyisi yo gen yon fason dwòl pou yo miltipliye. Mwen etone wè ki jan yon reyisit kon sa — pratik lidèchip ki ale lwen epi ki chita sou sitwayen yo — kapab miltipliye chak fwa ak nouvo lide, nouvo adaptasyon. Chak miltiplikasyon vini ak moso kòd jenetik pa l. Chak jenerasyon vin pi pisan. Se yon bagay nou deja wè: mirak renmen miltipliye. Depi l te fèt yon fwa deja, li kab refè ankò, an jeneral. Epi pandan bèl limyè ranfòsman lidèchip sa a kòmanse klere sou nou tout, sou tout lemonn, n ap wè listwa prale pi lwen, pi fon.

Entwodiksyon

— Maryse Pénette-Kedar

Prezidan SOLANO, Sikisal ayisyen Royal Caribbean, Prezidan PRODEV Haiti, youn nan alatèt CHLE

— Magalie Noel Dresse

Pwopriyetè Caribbean Crafts, Direktris Chanm komès ak endistri Ayiti, youn nan alatèt CHLE

— Claire Cecile Pierre

Direktris, Program in Health Systems Strengthening & Social Change, Harvard Medical School, youn nan alatèt ki fonde CHLE

Se pa lòt moun ki pote chanjman. Se nou k ap viv isit la. Si pou gen chanjman, se nou k pou pote l.

— Stephen Italien, manm fondatè Solèy Leve, Site Solèy

Deklarasyon vag jeneral, tankou “Ayiti se peyi pòv,” “Ayiti se tè koripsyon,” “Pa gen egalite ann Ayiti,” oswa “Ayiti se peyi san edikasyon” se pa deklarasyon ki nouvo oubyen ki chokan. Se pawòl moun tande toupatou sou latè men ki pa vrèman reprezante sa Ayiti ye ni tou ki pa gason ayisyen ak fanm ayisyen travay san rete malgre difikilte yo jwenn, pou yon lavi miyò pou fanmi yo ak kominote yo.

Pandan nou vèl nan lemonn ak nou vèl lokal prezante istwa apre istwa sou malè Ayiti, nou remake yo rate yon opòtinite pou yo mete aksan sou fòs ki gen nan peyi sa a. Kòm repons pou bagay sa a, nou reyini ansanm an 2011 pou n chèche solisyon konsènan mank lidèchip moun panse ki genyen ann Ayiti epi ki kòm efase prezans dirijan peyi ki egziste nan baz pèp la. Nou santi nesesite pou yo chèche dirijan sa yo epi kanpe dèyè yo lè yo jwenn yo, pou yo ka sèvi modèl ki kab pèmèt nouvo dirijan devlope pou demen. Nou kanpe *Le Centre Haïtien du Leadership et L'Excellence* (CHLE, Sant ayisyen pou lidèchip ak bon jan travay), ki anbrase anpil anpil sektè — sektè prive, ONG nasyonal ak entènasyonal, pati politik, inivèsite, òganizasyon popilè ak ajans gouvènman ayisyen. Malgre nou pa pran menm wout pou karyè nou, n ap travay ansanm anba labanyè CHLE pou n ka reponn kesyon cho sa a: Ki sa n ka fè pou n parèt ak lidèchip ki responsab epi pou n envesti nan lidèchip kon sa, ki va ede nou bati yon demokrasi solid ak yon ekonomi ki byen pwospere, ki bon pou tout peyi a, ki endepandan?

Se pa yon ti travay piti, men nou gen chans jwenn anpil moun ki kore lide sa a ni anndan peyi a ni lòtbò dlo. Pa egzanp, nou gen “The Coady International Institute” yon enstitisyon pou rechèch ak edikasyon nan lidèchip, ki tabli kò l nan Inivèsite St. Francis Xavier nan Nouvèl

Ekòs, Kanada. Li kòmanse kore travay Sant lan depi nan kòmansman li. Travay Coady fè baze sou plizyè dizèn ane rechèch pratik ak patisipasyon nan devlopman sitwayen yo pran an men ak aksyon ki fèt nan tèt ansanm. Nou te ale nan Coady pou n wè ki jan sa ye. Nou te vizite komite ak dirijan ki rive motive sitwayen yo pou yo travay pou pwòp devlopman tèt yo. Nou te dekouvri zouti ak demach ki pèmèt nou jwenn pil pakèt resous ki genyen ann Ayiti epi travay ak pil resous sa yo — yon seri resous nou pa t itilize avan e nou pa t menm sèten yo te egziste.

Sa chanje fason nou te konn gade bagay ki lakay nou nèt. Sou nou te aprann nan Coady se pa t yon modèl pou n al repwodui Ayiti, men se te lòt fason pou nou rekonèt resous nou gen lakay, pou nou travay avèk yo, ansanm ak egzanp bagay ki reyisi ki soti nan nannan peyi nou menm. Apwòch sa a te enpòtan anpil pou detèmine ki misyon CHLE ta pral bay tèt li: Ale pi lwen pase jan yo konsewa Ayiti tankou yon peyi restavèk ki “rate vokasyon l kòm peyi”, dekouvri pakèt domèn nou pa menm ka konte kote ki pale de istwa sa nou fè ki reyisi swa moun pa remake swa yo pa bay valè; epi sèvi ak istwa sa yo kòm baz pwogram nou dwe suiv, pou konstwi yon nouvo gwoup sitwayen dirijan ann Ayiti.

Ayisyen vin gen bon jan konesans nan refleksyon ki chita sou bezwen akòz enfluyans endistri devlopman ki santre sou pwoblèm epi ki anvayi lavi nou. Kon sa lè nou te tounen lakay nou apre vizit nan Coady, sa te on ti jan etranj pou nou pou n santre sou resous nou, konpetans ak talan ki nan mitan nou, olye pou n te chita ap pèdi tan n sou limit nou ak feblès nou. Pwen kote pou n kòmanse te diferan ak jan sa te konn ye avan. Olye pou n te poze kesyon tankou “Ki sa n bezwen?” nou te kòmanse poze kesyon tankou “Ki sa n genyen?” Olye pou n te mande

tèt nou: “Ki evènman listwa ki mete n an reta?” nou te mande tèt nou: “Ki sa n genyen nan peyi Ayiti ki pou nou toutbon, nou ka sèvi fondasyon pou n bati fyète nou kòm pèp?” Men ki lide nou te mete n dakò ansanm: “Revolisyon 1804 la — fondasyon Ayiti kòm premye repiblik nwa nan lemonn.” Toutbon vre, sa a se yon evènman ki yon sous onè pou nasyon an, men gen pase de syèk depi sa te rive. Nou tout te jennen e nou te rete bouch fèmen apre sa, lè nou reyalize malgre gen anpil egzanp nan listwa sou pèsèverans ak lidèchip ayisyen, egzanp sa yo kòm efase nan zye tout moun akòz pawòl k ap pale nan peyi a se bagay ki prèske negatif nèt.

Sa vin ban n plis detèminasyon. Pou n travay pou gen pi bon lidèchip, nou bezwen vini ak bon egzanp pou enspire tout moun, egzanp nou jwenn nan mitan sitwayen yo menm, tankou sa ki parèt nan etid ka sa yo, kote istwa yo ankouraje lòt moun pou yo antre nan travay. CHLE te bezwen pou ede moun chavire fason negatif moun lòt kote, epi sitou nou menm Ayisyen, nou wè tèt nou anpil fwa. Prensip CHLE ak misyon li te prepare apati premye deba sa yo, epi depi lè sa a nou te travay san rete pou n kanpe yon enstitisyon ki ankouraje lidèchip ki chita sou patisipasyon sitwayen yo epi ki mete konsantre sou yon vizyon atravè edikasyon, rechèch ak pwogram sansibilizasyon piblik.

Premye sa nou te fè, nou te regwoupe istwa moun ki deja antreprann aktivite pou bati yon pi bon sosyete, pou n ka wè ki sa nou te ka aprann de yo. Epi nou te vin twouve pa manke istwa kon sa, yon fwa nou te kòmanse chèche. Nou te jwenn anpil enspirasyon nan tenasite ak sajès peyizan ayisyen, pwofesè, pwopriyetè ti biznis ak

aktivis kominotè ki parèt nan piblikasyon sa a. Rekonèt nou rekonèt travay yo vin fè tan nou investi ak efò nou reyalize anndan CHLE se tankou yon kado.

Nan La Montay, nou rankontre yon gwoup mesye ki t ap viv lavil epi ki tounen lakay yo andeyò nan kominote yo, pou yo ka bati yon vi ki ta ka ankouraje lòt jenn pou yo rete nan kominote yo tou. Kantite jenn ki te konn kite zòn sa a diminye vre gras a efò yo. Istwa nan Palto a trase lavi yon dam ki vin devni responsab antrepriz. Sa montre ki jan endepandans ekonomik kapab mennen nan lòt fòm endepandans pou tout fi plis tan ap pase. Nan Site Solèy, nou rankontre yon gwoup jennjan ak demwazèl ki fè moun reviv tradisyon travay konbit la. Yo mete ansanm kote yo bay katye yo yon lòt figi avèk atizana, desen, mizik, jaden kominotè, ak travay netwaye lari. Nan San Yago, nou rankontre ak ofisyèl nan gouvènman lokal la ki konsakre tan yo epi ki montre nou anpil bagay ki ka fèt nan kolaborasyon ant otorite yo ak sitwayen yo. Finalman, nan Bay, nou rankontre ak asosiyasyon lokal ki kreye yon chapant lidèchip ki pi elaji pou kab gen plis transparans ak desantralizasyon nan desizyon k ap fèt.

Senk ka ki fòme koleksyon sa a prezante yon ti pòsyon nan pakèt egzanp devlopman sitwayen yo pran an men ki egziste ann Ayiti, epi tou nou espere yo va enspire moun k ap li yo pou yo rekonèt epi onore dirijan yo genyen nan pwòp kominote yo. Piblikasyon sa a gen yon gran enpòtans paske li montre tout lemonn Ayiti gen moun, zouti, resous ak espri kominotè ki pou pèmèt chanjman fèt epi k ap kòmanse anndan peyi a menm.



Premye ekip ki diplome nan pwogram lidè CHLE te òganize (2011)

La Montay: Fè jèn moun tounen rete lakay yo

Mouvman sa a antre nan kad menm ideyal nou konn ap rekòmande nan Fondation Etre Ayisyen pandan plis pase 3 an. Dayè, nou reyalize byen vit te gen yon bezwen pou nou ankouraje antreprenè-lidè ki kapab pran kominote kote yo rete a an chaj, pou yo transfòme yo, epi sa ki gen plis enpòtans pase tout bagay, antreprenè-lidè ki kapab defye santiman fatalis sa a k ap chache fè jenn Ayisyen konprann zòn kote yo soti yo kondane yo.

Chanjman jèn moun Lamontay fè yo se yon bon sij pou tout moun ki pran chans reve yon demen miyò ak yon nouvo Ayiti. Istwa sa a ba nou okazyon pou nou sonje kouman sa enpòtan anpil pou nou bay tèt nou abitud sèvi ak estrateji siksè ki gen pouvwa pou nou enfliyanse tout yon jenerasyon nèt.

Lespri antreprenè ki motive jèn gason sa yo ak jèn fi sa yo, nou dwe mete l an valè, nou dwe selebre l. Kapasite sa a jèn yo genyen pou yo kreye nouvo aktivite, nou dwe ba sa valè, nou dwe gaye l bay plis moun nou kapab, pou nou kab dechouke mantalite depandans ak charite sa a nou genyen nan karaktè nou pandan twò lontan.

Nou swete esperyans sa a ap reyisi, kon sa l ap ede jèn moun rekonèt tèt yo, pran inisiyativ, egzaminen tout opòtinite san limit ki genyen nan antouraj yo. Se pou mouvman sa a montre ki jan lespri antrepriz kapab sèvi kòm yon bon jan zouti pou konbat lamizè.

— Mathias Pierre

Prezidan, GaMa Group ak Fondation ETRE Ayisyen

Lamontay se yon zòn ki gen yon popilasyon ki prèske 250.000 moun. Li chita nan Depatman Sidès, a 60 km kon sa sou bò sidwès epi 20 km sou bò lwès vil espesyal Jakmèl. Se agrikilti (kilti latè) ki te toujou prensipal mwayen egzistans moun nan zòn sa a. Men, kòm se kon sa sa ye toupatou ann Ayiti, moun Lamontay pa pi enterese nan fè ti jaden ankò depi lè sektè sa a te fin febli apre yo te mete pwogram refòm ekonomik sou pye pandan ane 1990 yo. Pwogram sa yo te koupe tarif ki te pwoteje kiltivatè nan zòn nan epi sa te mennen yon valè manje etranje pi bon mache nan peyi. Establi politiki nan epòk koudeta 1991 lan te fè anpil investisè ak espòtè ann agrikilti kite peyi a. Poutèt sa, anpil travayè agrikilti vide sou kapital la pa milye. Lepli souvan y al chwe nan bidonvil, yo pa kab jwenn travay, epi yo oblije ap debat ak lavi a nan vann ti sache dlo oubyen nan kondi motosiklèt taksi.

Epi tou te gen anpil presyon sosyal ki vin mennen yon ogmantasyon nan kantite moun k ap desann lavil. Kon sa, sa te vin nòmal pou paran sakrifye sèl ti sa yo te konn ap fè nan kilti latè pou voye pitit yo lekòl lavil ak espwa yon jou timoun sa yo ta jwenn travay ki pa travay jaden epi yo ta kòmanse voye lajan lakay. Jodi a se yon bagay nòmal pou fanmi andeyò montre jan yo fyè de pitit yo ki tabli Pòtoprens epi pou yo montre jan yo pa

kontan lè yo gen yon pitit gason oubyen yon pitit fi ki fin granmoun epi pitit sa a rete andeyò lakay yo toujou.

Avèk leta ki pa gen anpil mwayen pou l bay bon jan sèvis, sa vin kore konsepsyon sa a. Pi fò nan sèvis leta ann Ayiti disponib sèl nan kapital la ak de twa grenn lòt vil ki epapiye nan tout peyi a. Kouran, wout, dlo, lopital ak lekòl fè pati sèvis ki vin pi mal pou yon moun jwenn, plis li rete lwen lavil. Poutèt tout bagay sa yo, pandan 20 lane ki sot pase la yo, Ayiti ki te peyi ki gen mwens moun ki kite andeyò pou y al rete lavil ann Amerik Latin, vin tounen peyi ki gen plis moun ki kite andeyò pou y al



Foto yon kote nan Jakmèl

rete lavil. Jodi a, apeprè yon tyè nan 9 milyon sitwayen peyi a rete Pòtoprens.

Se nan sitiwayon sa a gen 12 jèn gason ki te kite Lamontay pou y al fè etid siperyè yo epi pou yo jwenn travay, ki deside tounen an 2004. Yo vin about ak lavi lavil la byen lwen fanmi yo, yon kote manje fre ak travay nòmal mal pou moun jwenn. Jenn ti mesye sa yo, youn pwomèt lòt si nan 2 ane yo pa rive mete bon travay nan Lamontay pou jèn moun, y ap tounen lavil paske yo konnen yo te eseye fè tout sa yo kapab.

Yo pa t akeyi yo ak 2 bra ouvè. Paran yo pa t kontan paske jèn gason sa yo te sanble yo pa t bay sakrifis yo te fè a okenn enpòtans. Epi tou gen anpil moun zòn nan ki te sispek nou: “Ki moun nou panse nou ye? Jenn moun ki sot lavil, ki panse nou konn ki jan pou n fè bagay yo pi byen. » Moun lakay 12 jèn gason sa yo pa t vle resevwa yo lakay yo ankò. Yo mete 12 jèn gason sa yo deyò lakay yo. Yo te oblije al rete ansanm nan yon vyepti kay jouk yo te ka rive fè lòt moun konprann sa yo gen nan lide yo.

Fondatè inisyativ sa a rele inisyativ la Òganizasyon Jenès Aktif Pou Devlopman Lamontay. Non sa a pa t ede kòz y ap defann nan paske granmoun ki rete nan kominote a pa te ladan. Yo kouri chanje non òganizasyon an pou yo rele l Òganizasyon Peyizan Aktif Pou Devlopman Lamontay (OPADEL); sa montre tout moun nan zòn nan gen dwa vin manm òganizasyon an. Men, chanjman non an pa t fè kantite manm yo ogmante tousuit.

Jèn mesye yo te enkyete. Yo reyalize yo dwe parèt byen vit avèk kèk rezilta moun kapab wè. Yo antre nan agrikilti piske pi fò moun zòn nan travay tè pou yo kab manje. Fondatè OPADEL yo wè peyizan yo gen posiblite pou yo fè plis pase kilti pou nourri fanmi yo—ki vle di fè echanj kèk pwodui manje enpòte pou sa yo pwodui nan zòn nan. Poutan, kòm se lavil yo t al lekòl, yo pa t twò konn ki jan pou yo mete lide sa a an pratik. Yo mete tout resous yo te genyen ansanm pou yo kab voye 5 manm ekip yo a nan yon fòmasyon Ministè Lagrikilti t ap bay sou fason yo kiltive rekòt ki pa tradisyonèl. An retou pou patwonaj la, moun sa yo pwomèt pou yo pataje nouvo konsepsyon yo pral pran an, y ap bay 2 ane sèvis volontè lè yo tounen.

Lè gwoup la tounen sot nan fòmasyon an, jèn ti mesye yo achte yon moso tè nan yon zòn pi fò moun ki rete nan zòn nan te kapab wè epi yo pataje tè a an 2 pòsyon. Yo plante mayi tradisyonèl nan yon pòsyon epi yo plante piman nan lòt pòsyon an, yon kilti komèsyal ki rapòte anpil lajan. Sa pa t pran tan pou kiltivatè nan alantou a vin remake pòsyon tè ki gen piman an t ap bay pi gwo benefis pase mayi a. Abitan Lamontay te kòmanse remake sa jèn moun sa yo t ap fè a.

Manm OPADEL yo sèvi ak esperyans sa a kòm modèl epi yo kòmanse fè esperyans grefe zoranj, mandarin, mango. Rekòt kilti sa yo vann plis pase twa fwa lavalè pri rekòt tradisyonèl. Lè ane a bon, kiltivatè nan zòn nan ka pwodui kont nouvo rekòt sa yo pou yo double 125 \$US yo te fè ane anvan an pou chak jaden – sa se gwo zafè. Manm OPADEL yo te mete yon pepinyè sou pye tou. Yo fè yon konbit tradisyonèl pou yo rebwaze do mòn ak pye palmis. Moun kòmanse antre nan gwoup la. Lè fondatè OPADEL yo t ap pale de jan yo te rive fè moun asepte patisipe, yo di: “Moun pa koute ak zòrèy yo. Yo koute ak je yo.”

Jodi a, OPADEL gen plis pase mil manm. Ogmantasyon estwòdinè sa a se san okenn dout rezilta avantaj ekonomik òganizasyon an te ede pote Lamontay, men yon bon pati ladan tou se gras a estrateji li sèvi lè l fòme plizyè asosyasyon semi-otonòm kote an pratik tout moun ki rete nan kominote a kapab jwenn yon plas. *Peyi a-OPA* pou peyizan bay fòmasyon, semans, ak plant. *Fanm-OPA* pou medam yo ofri ti lajan prete pou aktivite komès. *IJ-OPA* pou jèn moun ofri kou òdinatè. Epi *Ti-OPA* pou timoun mennen aktivite jaden; yo sèvi ak benefis yo fè nan vann pwodui jaden yo pou yo kab peye okipe lekòl nan zòn nan. Gras a estrateji sa a, OPADEL te



Yon mòn yo rebwaze nan Lamontay

rive wete lide sa a nan tèt moun kote yo te panse òganizasyon an te fèt pou defann enterè jèn moun ak moun ki pase lekòl sèlman.


Chak nan asosyasyon sa yo pote patisipasyon pa yo pou redui bagay k ap pouse abitan Lamontay pati al rete lavil. Pa egzanp, youn nan pi gwo fòs ki t ap pouse jèn moun kite Lamontay se ase lekòl ki pa t genyen. Pa t gen ase lekòl kindègaden ak lekòl primè nan zòn nan. Ki fè, timoun Lamontay te oblije mache monte mòn desann mòn chak jou pou yo jwenn yon lekòl nan yon lòt bouk tou pre zòn nan. Finalman youn nan fondatè OPADEL yo bay kay li pou kay la ka sèvi kòm lekòl preskolè. Misye tounen lakay paran li jouk yo vin bati yon nouvo lekòl. Pandan peryòd lekòl pwovizwa sa a te gen plis aktivite depi lè li fin ouvè a, li te gen 50 elèv ki enskri.

Lòt inisyativ OPADEL te vin pran apre sa, se te ranplase ansyen pwogram etid lekòl la ak leson an kreyòl, yon bagay jèn moun yo byen akeyi. Epi tou li tabli yon travay tèt ansanm avèk yon òganizasyon byenfezans ki rele Ayiti Demen an. Moun ki plis ede òganizasyon sa a se dyaspora ayisyen an ki sèvi ak diferan fòm teknoloji nan syans ak edikasyon pou yo òganize fòmasyon pou pwofesè ki moun Lamontay kounye a. Inisyativ sa a montre nou, timoun Lamontay kapab resevwa yon edikasyon ki suiv menm modèl (oubyen ki pi bon toujou) ak sa timoun lavil menm laj ak yo ap resevwa, san yo pa bezwen kite zòn kote yo rete a.

Yon lòt bagay ankò k ap rale jèn abitan fè yo kite zòn riral tankou Lamontay pou y al rete lavil, se te pwomès kay nòmal pou yo rete. Anpil jèn Lamontay santi yo

wont kay klise kote yo rete lè yo mennen zanmi lakay yo. Apre tranblemanntè 2010 la, OPADEL voye youn nan manm ni yo al pran fòmasyon nan bati kay. Lè misye tounen—ak tout angajman pou li rete, pou li pase 2 ane ap pataje nouvo konsepsyon li sot pran an avèk lòt moun, menm jan sa te ye pou premye inisyativ OPADEL la—òganizasyon an mete yon atelye preparasyon gabyon sou pye an kolaborasyon ak òganizasyon Planète Urgence (yon ONG franse ki travay ak popilasyon nan kominote ann Afrik, Azi, Amerik di Sid, nan Karayib la ak nan Pasifik la pou ankouraje devlopman sosyo-ekonomik). Pwojè sa a ede jèn fi ak jèn gason Lamontay pran antrènman pandan y ap travay nan bati kay ki kab reziste kont tranblemanntè. Kay gabyon yo aprann bati yo pi solid, pi atiran pase kay klise. Esepte do a ki fèt ak materyo peyi nèt. Jodi a, atelye a bay 60 moun travay. Se toupatou y ap mande pou moun sa yo nan tout chan-tye epi pou tout travay konstriksyon nan zòn nan, ni nouvo lekòl primè a tou. Pa twò lontan, manm OPADEL bati yon sant pou jèn moun, pou yo òganize aktivite kiltirèl, gade sinema, yon fason pou gen yon plas pou moun al pran plezi Lamontay kounye a.

Sa gen 10 grenn ane sèlman Lamontay te yon seksyon riral tankou tout lòt seksyon riral. Kilti latè nan zòn nan t ap depafini, epi zòn nan te an « pèd sèvo » ki vle di anpil jèn moun ki pase lekòl t ap pati kite zòn nan. Fon-datè OPADEL yo avèk patizan òganizasyon an ki vin pi devwe jou an jou montre nou lè gen bon jan edikasyon, lè gen travay epi gen kay pou moun rete, pwoblèm popilasyon k ap pati kite zòn tankou zòn sa a se yon bagay ki kapab chanje.



Kote y ap sèvi ak miltimedya nan yon lekòl primè Lamontay



Yon kay y ap bati ak gabyon nan Lamontay

Palto: Mete yon “revolisyon” pou fi andeyò nan Sodo

Istwa sa a pale de kokennchenn rezistans medam ayisyèn genyen ak kapasite yo genyen pou yo pran devan epi pou yo dirije nan tèt ansanm. Se yon pakou plizyè mil òganizasyon if nan kominote malere toupatou nan peyi a. Ak ti kras mwayen yo genyen, yo mache pale an favè egalite ant gason ak fi, an favè jistis ekonomik. Yo kreye okazyon ekonomik epi yo envesti nan edikasyon pitit yo. Si yo fè echèk nan yon bagay, yo pase nan lòt plan ki pi bon epi yo fè plis pwogrès. Se medam sa yo ki fòs nou. Se yo ki poto mitan ekonomi nou, poto mitan peyi nou. Anpil nan yo pa konn li, pa konn ekri, men se yo ki konnen toutbon sa kominote kote yo rete a bezwen, sa ki priyorite pou kominote yo.

Medam nan istwa sa a se moun k ap pote chanjman, yo parèt ak pwòp revolisyon pa yo epi y ap pare wout pou lòt medam ayisyèn fè menm jan an tou. Moun ta dwe tande sa yo gen pou yo di nan legliz, nan sektè komèsyal la, nan gouvènman lokal, nan palman an, ak nan tout nivo lavi nasyonal jan konstitisyon nou an prevwa sa. Istwa sa a se yon kesyon prepare yon avni pou tout moun nan yon peyi kote gen opòtinite ki jis e ki egal pou tout moun.

— Danielle Saint-Lôt

Anbasadè san pòtfèy pou envestisman nan bay fi kapasite
Moun ki ede fonde òganizasyon Femmes en Démocratie epi li se konseye espesyal òganizasyon an,
Minis komès, Endistri ak touris Ayiti an 2004-05

Kòdinasyon Fanm Rivyè Kano (KOFAR) se yon òganizasyon ki chita nan abitasyon Palto nan seksyon kominal Sodo. Se yon zòn mòn ki chaje pousyè ki gen yon popilasyon 34.000 moun nan Depatman Plato Santral la. Pi fò moun zòn nan fè ti jaden pa yo, yo kiltive fwi oubyen yo fè elvaj pou y al vann nan mache pre zòn nan.

Òganizasyon sa a se reyalizasyon sa Modeline Athine Gracia te wè pou zòn nan. Modeline Athine Gracia se yon fi ki pale ak yon ti vwa dou; lè li yon kote, moun kòm pa remake si li la, ki fè sa kache kokennchenn kapasite li genyen pou li òganize ak plas li okipe nan kominote a kòm lidè. Sa ki pouse Modeline kòmanse òganizasyon an se ase okazyon ki pa genyen pou fi patisipe nèt nan aktivite toulejou nan kominote a. Li di: “Nou reprezante 52% popilasyon an. Nou pa dwe ret chita. Nou ka fè lòt bagay anplis travay menaj lakay. Ann bay 52% nou an valè”.

Gen yon asosyasyon peyizan zòn nan ki rekonèt kapasite Modeline genyen pou li dirije. Asosyasyon an chwazi manmzèl pou l al patisipe nan yon pwogram preparasyon dirijan òganizasyon ki te fèt Sodo an 2002. Pou Modeline, antrènman sa a fè l vin gen plis konfyans nan tèt li, epi sa montre l bon jan teknik pou l òganize aktivite politik ki itil. Se sa ki te fè li kapab òganize yon kanpay ki dire 3 ane ansanm avèk 15 lòt medam. Yo mache nan zòn nan sot nan yon kay al nan yon lòt ap pale

medam zòn nan de nesesite pou yo ini pou yo jwenn pi bon opòtinite ekonomik ak opòtinite dirijan. Kanpay la abouti ak yon asanble jeneral medam Sodo an 2005; se nan asanble jeneral sa a yo deside tabli yon òganizasyon ofisyèl. Asanble a di responsablite, transparans, ak envestisman pèsònèl se kondisyon y ap atann de tout manm òganizasyon an. Twa kondisyon sa yo se bagay kle ki pèmèt KOFAR egziste pandan 7 ane ki sot pase la yo.

Avèk ekonomi pa yo manm KOFAR mete ansanm, yo kòmanse pwodui konfiti, krèm likè avèk fwi ki twò mi oubyen fwi ki tou kraze ki rive nan mache nan zòn nan. Dezyèm pwojè manm yo se te finansé yon jaden kominotè pou yo kiltive plis fwi pou aktivite komèsyal sa a ki fenk ap pran manm.



Kèk manm KOFAR k ap prepare mango

KOFAR pran fòs nan reyisit antrepriz sa yo ak entansyon yo genyen pou yo fè yon gran bagay estwòdinè; kon sa yo kòmanse abòde kèk investisè deyò. Youn nan premye premye patnè òganizasyon an se te Ministè Agrikilti kote kèk anplwaye ministè a te ede rann preparasyon premye Plan Devlopman Kominotè KOFAR pi fasil. Doki-man sa a prezante vizyon òganizasyon an ak priorite devlopman. Epi tou li te fèt pou asire lòt kote ki kapab vin patnè konprann estrateji alontèm KOFAR epi pou yo dakò ak estrateji sa yo anvan yo pran angajman nan travay KOFAR.

Tout pwojè KOFAR yo, se manm KOFAR ki prepare yo, epi yo vote yo anvan y al chache èd deyò. Dapre espikasyon Madeline t ap bay, li di: “Nou pa gen okenn patnè fiks. Nou mete tèt nou ansanm. Apre sa n al kote yon ONG. Menm si yo pa reponn, nou kontinye ak lide a. Nou pa sispann travay paske nou pa gen fon.”

Rive jodi a, KOFAR fè tout yon seri patnè vin mete men, tankou ajans gouvènman, ONG entènasyonal, ak asosyasyon kominotè nan zòn nan. Gen patnè ki ofri antrènman sou pi bon mòd kilti latè, ak transfòmasyon fwi. Sa ede medam Palto yo jwenn travay sezon nan sektè kilti latè nan zòn nan pou yo kapab rantrè kòb. Poutèt sa, kounye a yo kapab fè plis ekonomi pase jan yo te konn fè lontan, yo kapab peye lekòl pi fasil, epi yo menm kreye yon fon espesyal pou ede manm KOFAR lè gen yon ijans.



Kèk pwovizyon fre KOFAR fè



Modeline Athine Gracia ap okipe yon pepinyè fri KOFAR genyen

Se pa tout bagay KOFAR antreprann ki reyisi, men manm li yo pa dekouraje lè yo fè fas ak difikilte. Pa egzanp, an 2005 medam zòn nan te fè fas ak kèk difikilte lè yo te eseye tabli pwòp poulaye pa yo ki te kòm yon gran pwojè lè w konpare l ak lòt pwojè yo te antreprann anvan sa. KOFAR kotize 20% (prèske 2.000 \$US) pou pwojè sa a, epi Ministè Agrikilti bay rès la. Malerezman, poul yo pa t viv. Malgre sa, inisyativ sa a ki pa reyisi a pa t dekouraje manm KOFAR yo, yo kontinye antreprann pwojè ki gen menm gran anbisyon. Te gen yon pwojè etablisman 20.000 \$ pou tretman manje ak yon sant kiltirèl ki sèvi kounye a pou batèm, maryaj ak lòt fèt nan zòn nan; anpil fwa sa sèvi kòm mwayen pou ranmase fon pou pwojè KOFAR yo.

Avantaj ekonomik zòn nan jwenn nan inisyativ sa yo vin ogmante enfliyans medam yo nan Palto, e KOFAR kòmanse etann aktivite li nan lòt branch tankou planin famiyal, sante fi, sante tibebe ak nitrisyon, pwoteksyon anviwònman an, defann dwa fi. Sa enpòtan tou pou nou remake, piske vin gen plis moun ki kwè nan KOFAR sa rann li posib pou medam zòn nan pale klè ak mesye yo de angajman yo pran pou yo ankouraje egalite ant gason ak fi nan tout aspè lavi a.

Chanjman sa yo ki fèt pandan 10 ane ki sot pase la yo vin bay sa manm KOFAR yo rele yon “revolisyon” nan katye pa yo. Kounye a fi jwe wòl lidè kòt a kòt ak mari yo pandan gason gen wòl pa yo tou nan aktivite KOFAR yo. Nan nouvo espas sa a ki asepte tout kategori moun, medam Palto yo santi yo ini, yo gen moun ki kore yo epi yo kapab pase alaksyon plis toujou pou yo kontinye pote lavi miyò lakay yo ak nan kominote yo an jeneral.

San Yago: Fòm lyen ant sitwayen ak gouvènman

Lide pou kreye yon gouvènman solid ki desantralize se yon lide yo pa janm defini depi apre yo te premye pale de lide sa a kòm yon priyorite nan konstitisyon 1987 la. Mank envestisman ak kapasite teknik epi ak jan pouvwa pou pran tout desizyon se nan Pòtoprens sa chita, tou sa anpeche reprezantan lokal yo fè sa moun nan zòn pa yo mande yo fè menm lè yo gen entansyon fè sa popilasyon an mande yo fè, se pa tout lè sa rive. Anpil fwa se èd ki soti nan lòt peyi ki vin bouche twou reprezantan gouvènman yo pa bay, kon sa yo wete kèk responsablite sou do eli lokal yo pou yo ta bay popilasyon an sèvis. Kon sa tou sistèm sa a toujou mete yon mezantant ant sitwayen yo ak eli ki reprezante yo.

San Yago se kab yon ka apa nan sitiyasyon sa a. Malgre li bonè toujou, epi rezilta yo pa pi move pase sa jiskaprezan, sa yo rakonte nan istwa sa a pa menm ditou ak esperyans nou te fè lè n tap grandi nan zòn pa nou ak jan sitiyasyon an ye jodi a. Lidè kominotè ki byen òganize travay an tèt ansanm ak eli lokal yo, kote eli sa yo pran pa nan aktivite zòn yo epi yo travay pou moun nan zòn pa yo.

Enfòmasyon sou sa k ap pase nan zòn sa a montre travay an tèt ansanm sa a bon pou tout moun e sa kab yon bon modèl pou Ayiti. Se kapab yon pa ann avan pou diskite kesyon espas (oubyen mank espas) pou sitwayen ak eli lokal pran pa nan jan y ap pran desizyon nan tèt peyi a. Se kapab yon manyen tou pou diskite kouman mwayen ki egziste kounye a pou desantralize resous ak pouvwa kab mache pi byen. San Yago se yon zòn pou nou tout suiv egzanp yo paske yo sanble yo sou yon lòt wout parapò ak anpil lòt kote ann Ayiti.

— Kesner Pharel

Dirijan ak PDG Gwoup Kwasans (Group Croissance),
Animatè Radyo nan kesyon Ekonomi ak Finans

San Yago se yon zòn riral ki gen 36000 moun ladan ki nan Depatman Nò. Zòn sa a gen bon tè jaden akòz yon kanal yo bati pou wouze tè nan zòn nan. Se lidè nan zòn nan ki te reyalize pwojè sa a sa gen kèk ane. Kanal sa a se youn nan plizyè bagay moun nan zòn San Yago te reyalize. Lè w mande moun nan zòn nan pou yo rakonte pi bèl moman nan istwa zòn nan, moun nan zòn nan di, gade lekòl la, gade legliz la, gade jan wout la ranje, tout sa kab sèvi kòm prèv yo kab òganize yo epi sèvi ak tout resous yo genyen.



Sistèm irigasyon moun nan zòn San Yago bati

Sitwayen San Yago toujou ap travay jis jounen jodi a, men yon fason ki pi fòmèl pase jan yo te konn travay lontan. Kounye gen yon òganizasyon lokal ki rele Inyon Gwoupman Peyizan Pou Devlopman San Yago (IGPS), se kòm yon manman òganizasyon pou kowòdone tout yon seri aktivite k ap fèt nan zòn nan ki an rapò ak agrikilti, swen sante, ak fason pou moun fè kòb.

Malgre tout aktivite òganizasyon ki nan San Yago reyalize ak aktivite y ap kontinye fè, moun nan zòn nan gen anpil pwoblèm pou yo jwenn sèvis yo bezwen. Pa gen ni elektrisite ni kouran nan San Yago, epi se moun nan zòn nan ki pou chèche rezoud pwoblèm sa yo pou kont yo. Malgre gen mwayen pou sitwayen nan peyi a pran pa nan desizyon y ap pran nan tèt peyi a konsènan jan gouvènman an bay pèp la sèvis, le yo te mande moun San Yago esplike kouman demach sa yo òganize, okenn moun pa t kab esplike demach sa yo. Sèl sa yo te ka espere se kontak yo te genyen ak reprezantan lokal yo ki pa twò fon nan gouvènman an tankou manm KASEK (Kon-sèy Administrasyon Seksyon Kominal) ak manm ASEK (Administrasyon Seksyon Kominal) yo.

San Yago ka kanpe djanm akòz bon jan rapò youn gen ak lòt nan tout zòn nan. Otorite sa yo kore aktivite òganizasyon an dirèk dirèk epi yo defann enterè li devan otorite leta nan vil la. Otorite sa yo rete nan San Yago menm, alòske nan lòt zòn, ofisyèl leta an jeneral toujou al abite kote ki pa sanble ak kalte zòn tankou San Yago. Gen yon anplwaye ASEK zòn nan ki pale de enpòtans pou moun tankou li prezan nan kominote a: “Si gen yon bagay ki pase, nou wè l an premye. Moun zòn nan vin ak pwoblèm yo devan nou; nou chèche rezoud yo ansanm.”

Ofisyèl leta ki nan zòn nan montre enpòtans tou ki genyen pou yo se premye responsab avan tou nan sikonskripsyon yo a olye nan pati politik yo a, yon bagay nou pa jwenn souvan lòt kote nan peyi a. Men sa yon reprezantan leta nan zòn nan di:

Lòt kote yo, responsab KASEK yo gen dwa panse yo reprezante pouvwa. E sa anpeche yo fè yon sèl ak kominote yo a. Olye de sa yo fè yon sèl ak pati politik yo a. Bò isit la, se pa kon sa l ye. Se sa ki fè nou reyisi.

E sa a se vre: ofisyèl leta nan San Yago pran konsèy. Yo bay konsèy. An menm tan se yo ki gen pouvwa, yo pran pa nan aktivite k ap fèt nan zòn nan, bò kote moun zòn nan ki senp manm kominote a.

Rapò kolaborasyon ant sitwayen yon zòn ak moun yo te eli, se pa yon bagay moun jwenn fasil lòt kote ann Ayiti epi fason sa parèt a klè nan San Yago pou mòd relasyon kolaborasyon sa a, sa kapte atansyon Òganizasyon ki pa depann de leta yo, ki twò anvi travay nan yon plas kote yo gen bèl chans pou yo reyisi. Men obsèvasyon anplwaye yon ONG fè:

Nan lòt zòn, ONG yo gen dwa pa gen pwoblèm ak reprezantan leta nan zòn nan, men gen yon lese ale ak neglijan. Ou isit la. Mwen laba a. M pa anmègde w. Pa anmègde m. Tout moun okipe sa ki regade yo. Men, sa ki nan zòn pa bò isit, se yon antant ak kolaborasyon ki montre moun yo gen plis kapasite pou yo reyisi.



Reyinyon kominotè nan San Yago

Reprezantan KASEK ak ASEK nan zòn San Yago rekonèt yo gen yon relasyon ki djanm ak lòt moun zòn sa a; men jiskaprezan, moun zòn nan prèske pa jwenn twòp èd nan men responsab komin nan. E sa vrèman limite kantite aktivite yo ta kab antreprann. Men bon nouvèl la sèke gouvènman ki la kounye a gen sèten lide pou ede. Dapre yon ofisyèl leta:

Nan pwogram gouvènman an, agrikilti se youn nan sektè prensipal ki dwe fè pwogrès, e sa se yon bagay pozitif [pou San Yago]. Responsab yo ap pale de ede kiltivatè jwenn kèk ti prè lajan, sa enpòtan anpil anpil. Y ap pale tou de fason pou yo amelyore aktivite touris, e sa vle di pral gen plis wout k ap fèt. Menm si se yon fason endirèk, sa kab yon avantaj pou abitan paske l ap pi fasil pou yo transpòte pwodui yo genyen al nan mache.

San Yago se yon zòn ki chaje ak sitwayen ki byen òganize epi ki aktif. Sitwayen sa yo jwenn sipò otorite zòn nan, epi tou gen pwogram ki ka pèmèt yo fòje pwòp aktivite pa yo ki ka reyisi san pwoblèm. Sa k rete pou n konnen kounye a, se èske gen sèvis leta ki pa nan zòn nan ki vle oswa ki gen resous pou ede kominote sa a devlope tèt li vre.

Site Solèy: Jèn yo chanje figi katye yo

Youn nan prensip enpòtan nan devlopman se lide rete pou anpil tan an, kote yo mezire sa ki yon reyisit dapre valè tan chanjman ki pou fèt la dwe dire. An 2003, gen yon gwoup jennjan ak jenn fi nan Site Solèy ki te fonde Solèy Leve, yon mouvman tèt ansanm pou chanje anviwònman yo a men tou pou ankouraje yon chanjman nan mantalite moun anndan Site Solèy, yon bagay ki kab pote fyète ak lespwa nan katye yo.

Yo vle pou yo diferan de ONG tradisyonèl yo nan sèvis y ap ofri kote pa t gen okenn ankourajman pou kominote yo ini yo ansanm, kon sa yo chwazi yon chapant òganizasyon ki fleksib, ki pa gen diferan pozisyon pouvwa, kote tout manm yo kapab decide ki domèn ki pi enpòtan pou yo travay. Enspirasyon manm Solèy Leve yo soti nan tradisyon peyizan genyen nan istwa yo ak konbit — lè moun mete resous anndan kominote yo ansanm pou rive nan yon rezilta, e se sa k te pèmèt manm Solèy Leve vin fè aktivite zòn pa yo bezwen.

Diz an apre, Solèy Leve ap ferye epi yo elaji mouvman an nan plizyè lòt katye anndan Site Solèy, kote yo kontinye gen bon konsekans sou tout zòn nan nèt. Gen de faktè ki pèmèt mouvman an reyisi epi ki pèmèt li la toujou: li toujou kenbe yon aspè enfòmèl, soup epi li suiv sistèm konbit la malgre se nan kapital la li ye.

— Nancy Dorsinville

Konseye politik nan Biwo anvwèy espesyal Nasyonziini ann Ayiti

Site Solèy se yon kote nan Pòtoprens ki gen apeprè 400 000 moun. Sèten nan moun zòn sa a ap travay nan faktori ki pa twò lwen kote a, men pi fò travay yon fason enfòmèl kòm machann, atizan, elektriksyen, fòjwon, pechè pwason, bòs chapant. Malgre non site a se Solèy, lè moun ap pale de li an jeneral, yo konn di “kote ki pi danjere sou latè a”; “bidonvil ki pi koni nan emisfè oksidantal la” oubyen “yon plas ki kenbe tout malè sosyete ayisyen.” Gen yon bon valè sòlda misyon lapè Nasyonziini nan Site Solèy, akòz gang ki toujou la, vyolans ak latwoublay zòn sa a konn genyen.

Site Solèy plase anba nèt nan vil Pòtoprens, se sa k fè lè lapli tonbe lapli a pase pran fatra nan katye moun afè yo pi bon bwote yo desann nan kanal pou lage nan Site Solèy.



Kanal ki chaje ak fatra nan Site Solèy

Yon jou an 2004, pandan lapli t ap tonbe, gen yon jenn gason ki rele Stephen Italien ki pa t kapab ankò. Katye l la se youn nan katye ki pi vit anvayi anba dlo lè gen inondasyon, epi sa vin fè se kote ki gen plis pil fatra. Stephen te fenk envite kèk zanmi lakay li nan Site Solèy, epi li te santi l wont pou katye l la se yon depotwa fatra. Stephen ale de pòt an pòt, li fè tout vwazinay li yo pran kon-syans. Yo met ansanm yo pran vye televizyon, yo wete tout bagay anndan yo epi yo transfòme yo an poubèl. Ala fen, yo degaje yo yo rive elimine fatra nan blòk kote yo te rete a. Epi yo bay katye yo a yon lòt non, Yo rele l *La Difference* (Ladiferans).

Malgre konbit netwayaj sa a ka sanble yon ti zafè, se li ki enspire lòt moun aji. Gen yon lòt gwoup ki te vin fòme nan yon lòt blòk pou netwaye katye pa yo a. Apre sa yon twazyèm gwoup, yon katriyèm. Gen yon dam ki te reflechi sou pouvwa ki fè moun wè chanjman kon sa te posib epi moun òdinè te kab fè l:

Netwaye lari a se yon ti aktivite nou te ka fè epi ki te kòmanse ak sa n genyen. Sa w vle moun santi toutbon se pa: “Ki jan m ap *janm* rive fè sa? men se: “Ki jan m ka fè sa a?”

Vag aktivite bridsoukou sa a ankouraje moun pou yo panse sou bagay yo kab fè pou tèt yo epi sa souliye pati ki pozitif nan katye yo. Se menm lè a, yon gwoup 20 jèn

gason ak jèn fi ki soti nan sis katye diferan nan Site Solèy deside chèche yon plas pou yo reyini ki an sekirite epi ki net nan kesyon politik, kote yo ka chita pale sou ki fason pou yo kenbe aktivite sa a pou l ka rive pi lwen.

Gwoup sa a devlope yon lòt vizyon pou Site Solèy. Yo rele mouvman yo kòmanse a Solèy Leve: Menm jan solèy la leve sou chak pati nan lemond, se kon sa tou gen moun tout kote ki konn fè kichòy pou tèt yo. Gwoup la pran lari pou yo fè mesaj la pase avèk megafòn, ak mizik, ak depliyon epi tou yo gaye pawòl la sou entènèt a travè Facebook ak blòg. Epi moun kòmanse apiye mouvman yo a.

Manm fondatè *Solèy Leve* yo fè moun reviv lespri *konbit* la, yon abitud nou jwenn andeyò lakay kiltivatè kote youn ede lòt travay. Ti jèn mesyedam yo sèvi ak konbit pou yo netwaye plis lari, pou plante flè, enstale limyè nan ri yo, pentire bato epi òganize festival. Jan yon dam esplik sa: “Mouvman sosyal pa bezwen koute yon pakèt lajan, yo sèlman bezwen rezilta ki vizib.” Rezilta sa a se yon lòt figi tou nèf pou zòn sa yo nan Site Solèy, kote jèn militan sa yo ap viv la.

Nan travay nan tèt ansanm gen yon nouvo kalte lidèchip moun pataje ansanm ki vin devlope nan yon zòn ki te toujou gen gwo divizyon. Se vre, lide pou yon moun ta vin swadizan “lidè” oswa “dirijan” se bagay moun ki rete nan Site Solèy te toujou krenn pandan ane k sot pase yo, epi se yon mo ki vin tankou yon “madichon”. Dirijan ki pase nan Site Solèy yo se moun ki tap pwofite,

ki parèt lè yo wè gen avantaj lajan yo ka jwenn pou tèt yo epi apre yo fin kraze lajan, y al rete nan lòt zòn. Met sou sa, Site Solèy se kote ki te politize anpil, ak yon kantite gang nan lari ki te gen pwòp patizan yo. Kon sa, se te yon bagay danjere pou sitwayen ki aktif al fè aktivite pou tout moun wè yo, paske yo te pè pou manm gang yo pa atake yo.

Lè yo mande manm *Solèy Leve* yo pou yo reflechi sou ki jan nouvo lidèchip sa a ki chita sou pataj ak solidarite te pran pye nan Site Solèy, yo te di gen twa faktè nan sa. Youn nan yo se te lè w konte sou “kouraj pa ou” sa vle di pou yo lè w fè kichòy pou tèt ou epi ak lòt moun, sa chanje rapò moun a moun nan. Men sa youn nan manm yo esplik:

Se pa kantite ak gwozè yon travay ki enpòtan — netwaye lari oswa pentire yon bato — si m ap swe bò kote w epi nou separe yon sachè dlo, sa a se travay moun ak moun. Moun dwe andire sa y ap andire ansanm.

Dezyèm faktè a, lè w met aksan sou bonte moun ak sa yo kab ofri pou chanje figi katye w, sa ede n efase van divizyon ki te egziste epi sa ranfòse volonte yo genyen pou yo mete men — lè yo jwenn okazyon pou yo montre talan yo ak kapasite yo, sa fè yo santi yo byen. Twazyèm bagay la sèke manm fondatè *Solèy Leve* refize tabli yon òganizasyon legal ki fòmèl. Solèy Leve pa gen yon biwo ni yon komite k ap dirije, okenn pwogram, okenn afilyasyon. Men refleksyon youn nan fondatè yo fè:

Sa parèt mal, men nou ansanm akòz lide nou ak prensip nou. Moun ka pran sa fason yo vle. M sèten moun toujou kwè nou la pou n annik netwaye lari... men sa pa yon pwoblèm, men nou menm nou la akòz espri *konbit* la.

Respè pou prensip an komen yo rive ede sitwayen ki aktif nan Site Solèy pou yo trete avèk ONG an granmoun, yon bagay ki pa t toujou kon sa anvan. Anvan *Solèy Leve* te sou pye, rapò ant sitwayen zòn nan ak ONG yo pa t toujou yon bon rapò epi yo te vin fini pa rele sektè sa a “simityè bon entansyon” akòz te gen yon mank komunikasyon ak moun zòn yo epi yo te annik vin ak pwòje ki pa t kadre ak sa zòn nan bezwen. Kòm rezilta esperyans sa yo, dapre jan yon manm *Solèy Leve* dekri sa, “premye ipotèz konsènan ONG”, se te



Panno kèk aktivis nan Site Solèy Leve pentire ki montre yon imaj pozitif katye yo rete a

“moun atann gen yon move bagay ki pral pase.” Men pou kounye a gen volonte lakay moun zòn yo pou yo travay ak gwoup deyò, si travay sa a fèt nan respè youn pou lòt.

Ki kalte kolaborasyon militan *Solèy Leve* yo ap chèche? Manm fondatè yo bay de twa endikasyon:

Moun ki sot lòt kote pa ka plis vle yon pwojè pase kominote a. Depi nou wè se kad lojik pa yo yo vle suiv, nou gen tan wè yo vle l plis pase nou. Nou vin pa fye yo ankò. Kad lojik sa a se moun k ap bay yo ki wè l kon sa, se pa nou.

Pafwa n ale dousman, pafwa n fè vit. Nou pa fye anyen ki al vit. Sa poko janm mache.

Se pa yon kesyon lajan tout tan. Si n te gen menm youn nan aktivite n yo, n te kòmanse ak lajan, nou pa t ap rive lwen kon sa. Nou bezwen yon moun pou ban nou dènye moso a... do kay la, penti a... se pa premye moso a nou bezwen nan men moun.

Anpil moun jwenn avantaj nan fason tradisyonèl yo detèmine bezwen yo, kon sa yo pa gen okenn enterè nan yon chanjman. Moun ki depann de kalte èd kon sa vin pran l kòm abitud nan tèt yo. Ou konnen w pa vle l men ou pa di non. Nou vle fè bagay yo yon lòt jan, Nou vo plis pase nesite nou yo.

Yo te toujou mete yon etikèt sou moun ki ret nan Site Solèy, dapre pwoblèm y ap andire. An depi tout sa, oswa akòz tout sa, jenn gason ak jenn fi Site Solèy mete tèt yo ansanm pou yo fè moun reviv kèk bon bagay nan zòn lakay yo moun lòt kote te neglijè oswa yo pa t bay valè. *Solèy Leve* se yon mouvman ki kòmanse gade sa n gen lakay nou, sa pi enpòtan pase pati politik epi li fè efò pou vin ak nouvo fason moun wè devlopman an jeneral. Kounye a gen yon kesyon ki rete an sispan: Èske ONG ak lòt sektè devlopman montre yo kapab sipòte nouvo fason òganizasyon popilè tankou *Solèy Leve* òganize tèt yo?



Yon gwoup jèn k ap netwaye lari nan Site Solèy

Bay: Rebati zòn nan nan tèt ansanm

Fason kèk ONG ak biwo Leta abòde kesyon devlopman an, sa fè moun nan zòn nan chita anpil fwa ap tann pou òganizasyon yo ba yo sa yo bezwen. Se pa kon sa sa fèt nan zòn Bay. Gason kou fi nan zòn sa a bay prèv dirijan nan zòn nan ak òganizasyon nan zòn nan kapab pran devan nan devlopman zòn pa yo epi nan fè chanjman sosyal nan zòn nan.

Dirijan ki la kounye yo pran fòs nan sa dirijan ki te la avan yo te reyalize plizyè ane anvan epi yo mobilize moun nan diferan bouk pou fè yo kreye òganizasyon pa yo. Non òganizasyon sa a se Inyon Peyizan Bay. Se yon òganizasyon ki gen tout kalite moun ladan. Medam yo, mesye yo, jèn yo, tout gen reprezantan kounye a. Y ap travay ansanm pou yo kreye tout kalite mwayen pou yo viv epi pou yo amelyore ranman jaden yo bay ansanm ak kondisyon lavi tout fanmi nan zòn nan. Poutèt efò moun Bay fè, moun nan lòt zòn ap vin gade sa y ap fè, menm moun ki sot Bahon ap vin gade sa y ap fè.

Sa enpòtan anpil pou n idantifye menm ka sa yo nan lòt zòn riral, kon sa nou kab ankouraje yo kominike ansanm pou nou kab kore efò y ap fè epi pou nou kab gen yon sosyete ki pi djanm. Aktivite kon sa va pote yon nouvo chanjman nan jan n ap chèche devlopman k ap kontinye epi ki kanpe sou fòs li nan zòn riral ann Ayiti.

— Cantave Jean Baptiste

Fondatè ak Direktè Egzekitif Òganizasyon Patenarya pou Devlopman Lokal

Bay se yon zòn andeyò kote moun travay tè ki nan Depatman Nò. Gen apeprè 9000 moun ki rete la. Premye gwoup moun ki te vin rete nan zòn sa a, se nan tren yo te menmen yo vin nan zòn nan pou yo travay nan min pou espòte resous natirèl yo te jwenn. Se nan pò nan Vil Okap la yo te voye resous sa yo ale lòt bò dlo. Vè ane 1955 kon sa, sistèm tren an pa t an sèvis ankò epi anpil travayè tou rete nan zòn nan pou yo degaje yo pou yo viv. Lè aktivite tren an vin sispann, zòn Bay la vin abandone jiskaske youn nan kiltivatè yo òganize tout vwazen l yo epi fè yo al Piyon pou yo konvenk moun Piyon pou yo fè wout pou konekte de zòn sa yo. Yo òganize sa yo rele yon konbit nan karayib la, dapre sa granmoun lontan yo sonje: “Yo kòmanse nan bò pa yo; nou kòmanse nan bò pa nou, epi nan ane 1952 nou vin gen yon wout ki konekte tou 2 zòn yo ansanm.”

Granmoun nan Bay sonje premye machin ki te pase sou nouvo wout yo te fè a an 1971. Evènman sa a te vin tabli yon nouvo relasyon ak moun ki pa t moun zòn nan. Relasyon sa yo vin entwodi nouvo resous enpòtan nan zòn nan, men aktivite sa yo te gen konsekans moun pa t prevwa sou jan moun nan zòn nan konte sou tèt yo sèlman pou yo viv ak jan youn toujou ap ede lòt. Nouvo gwoup vin enstale tèt yo nan zòn nan pou yo ranmase lajan nan men ONG ak òganizasyon legliz. Gen lòt ki gade kouman òganizasyon sa yo opere epi yo fè menm jan an tou. Yon zòn ki te konn ap fè lwanj pou tèt li pou jan youn te konn pwoteje enterè lòt, de jou an jou tout moun vin divize,

moun nan zòn nan vin pi enterese nan sa ki nan enterè pèsonèl yo. Dirijan nan epòk sa a vin admèt “yo te vin twò entèlijan nan move sans lan”— epi sa te vin lakòz moun pa t ka fye yo ankò.

An 2005, gen yon pastè yo te rele *Edmond St. Vale*, se yon moun Bay ki te kite zòn nan lè l te piti pou l al aprann pastè. Li vin tounen nan zòn nan pou l ofri atelye sou kesyon relijyon pou jèn nan zòn nan. Pou jan chanjman nan zòn nan te choke l, li mande moun Bay vin fè yon rankont pou yo diskite kouman travay lidè nan zòn nan t ap devlope. Konvèsasyon ki te fèt pandan rankont sa a vin revele kouman moun nan zòn nan tou te desi pou jan yo pa t viv nan tèt ansanm ankò, epi ansanm yo te deside pou yo fè efò pou yo aprann viv nan tèt ansanm ankò.



Medam Bay yo ap mache pou y al nan mache sou yon wout moun nan zòn nan bati pou kont yo

Se kon sa yo vin ouvè yon branch òganizasyon Mouvman Peyizan Papay nan Bay — se yon òganizasyon popilè ki la depi 1973; òganizasyon sa a rasanble plis pase 50 000 kilivatè nan zòn Plato Santral ann Ayiti pou yo mete tèt yo ansanm pou yo fè devlopman sosyal, devlopman kiltirèl ak devlopman ekonomik. Moun Bay rele branch òganizasyon pa yo a Mouvman Peyizan Bay (MPB).

Lè Pastè St. Vale fin asire l moun Bay te vle travay nan tèt ansanm ankò pou ede zòn nan epi pou zòn nan ede tèt li Pastè St. Vale konekte òganizasyon an ak 2 lòt òganizasyon ki t ap travay sou menm pant lan — premye a se *“Voisins Mondiaux” Vwazen sou tout tè a*, epi apre sa li konekte yo ak *“Partenariat pour le Développement Local” Patnè pou devlopman lokal* PDL. Touletwa òganizasyon sa yo devlope yon plan aksyon pou amelyore jan moun ap viv nan zòn Bay. Youn nan anplwaye òganizasyon *“Voisins Mondiaux”*, ki rele Jean-Claude Destine, ki vin travay pou PDL pi devan, kòmanse pase yon ti tan Bay chak mwa pou l fè fòmasyon epi pou l bay sipò teknik ki nesesè pou ede reyalize plan aksyon zòn nan te met sou pye a. Gen kèk moun nan zòn nan, ansyen dirijan yo an patikilye, ki te yon ti jan pa fin fye Desitine nèt o kòmansman paske yo pa t konn sa l t ap defann. Pou l kalme yo, li prepare kèk ti aktivite li kab reyalize tousuit, se aktivite li panse ki pral ede moun nan zòn nan vin gen konfyans nan òganizasyon an. Kòm agwonòm, li te rive fè kèk kilivatè nan zòn nan plante nouvo bagay li konnen ki t ap bay bon rannman tankou chou ak tomat. Aktivite sa a te si tèlman bay bon rezilta, tout moun nan zòn nan te vin enterese travay ak Destine nan lòt aktivite tankou preparasyon dirijan ak antant sosyal.

Anplwaye PDL yo te yon ti jan enkyete pou jan òganizasyon kominotè yo t ap vale teren toupatou ann Ayiti, kote pouvwa a te nan men yon ti gwoup, epi kote pa t gen okenn mwayen kontwòle sa lidè yo pran responsablite pou yo fè. Òganizasyon ki te nan zòn Bay yo te menm jan an tou. Poutèt sa, PDL te chwazi pa travay ak okenn nan òganizasyon sa yo. Olye de sa, manm PDL yo mande moun Bay pou yo fè yon lòt òganizasyon kote pouvwa òganizasyon an desantralize ak yon nouvo sistèm kote yo kab pran desizyon yon fason ki demokratik.

Nouvo Òganizasyon mou zòn nan met sou pye a vin pote non *Inyon Gwoupman Peyizan Bay* (IGPB). Se yon òganizasyon ki gen yon ajènnda ki pi laj ki ankouraje plis moun pran pa nan aktivite òganizasyon an epi ki pa tankou MPB. Manm òganizasyon sa a vin antreprann yon kantite



Kèk mesye nan Bay fè konbit pou yo sekle yon tè

aktivite ki nouvo, tankou aktivite pou bay moun swen sante, aktivite fè moun ekonomize lajan yo epi prete lajan, epi devlope bank semans, epi kreye kèk gwoup espesyal pou defann kòz medam yo ak jèn yo. Nan kesyon valè manm òganizasyon an genyen, IGPB vin pi gwo pase ansyen òganizasyon an; li gen pase 1 300 manm epi li kontinye ap grandi. Jan IGPB bati se ak tout yon seri ti gwoup moun ki gen menm lide, yo rele yo gwoupman, yo gen apeprè 8 a 15 moun. Pou kounye a, gen 96 ti gwoup kon sa anndan IGPB. Yo fè eleksyon pou pran 13 moun nan gwoupman yo pou Blòk Komite a ak nan Komite Santral la, se komite sa yo ki dirije aktivite nan kominote yo ki gen rapò ak swen sante ak agrikilti. Pou evite yon moun gen twòp pouvwa, manm òganizasyon IGPB yo deside yon moun pa dwe gen pozisyon nan 2 komite sa yo an menm tan. Nan chak nivo nan òganizasyon an, yo make ki wòl chak moun genyen a klè, ki responsablite yo, ak fason yo pran desizyon epi tout manm yo konprann règleman sa yo byen. Nouvo òganizasyon sa a montre moun kouman demokrasi mache nan jan yo aplike li chak jou.

Nouvo fòm òganizasyon sa a pote anpil avantaj pou zòn nan. Manm IGPB yo reyalize anpil bagay nan fason yo kontwòle ewozyon nan zòn nan ak fason yo amelyore rannman tè a bay atravè gran tèt ansanm pou bati mi an wòch, plante pyebwa, epi prepare fimye pou kontwòle



Kèk manm nan asosiyasyon Fi nan Bay ap eslike travay yo

ewozyon. Òganizasyon an kreye yon asosiyasyon ki sou kontwòl moun nan zòn nan kote moun kab fè ekonomi epi prete lajan, deja gen 575 manm nan asosiyasyon sa a, majorite ladan yo se fi. Gwoup sante a lanse yon gwo kanpay sou kesyon sante pou fè moun konnen kouman sa enpòtan pou yo lave men yo, sèvi ak latrin, epi bwè dlo trete, sa te ede zòn nan evite anpil ka lanmò ki an rapò

ak maladi kolera pandan epòk maladi a ki te touye plizyè mil moun nan lòt zòn nan peyi a sa pa gen lontan. Jèn gason ak jèn fi nan zòn Bay kreye gwoup pa yo, kote yo fè sinema chak semenn, yo sèvi ak dèlko zòn nan IGPB te achte. Manm gwoup jèn yo rankontre regilyèman pou yo diskite koze yo konsidere ki enpòtan pou yo.

Sa klè òganize Bay òganize a, sa amelyore zòn nan, men se tèt ansanm nan ki sanble bay pi gwo rannman. Moun Bay wè yo plis pran pa nan desizyon k ap fèt nan zòn nan epi plis moun kab konprann desizyon sa yo pase anvan. Youn vin fè lòt plis konfyans epi yo vin fè dirijan yo konfyans, dirijan sa yo gaye nan tout zòn nan. Youn nan bagay ki montre gen chanjman k ap fèt nan Bay se jan mo “dirijan” an vin vle di kichòy kounye a epi kounye a moun nan zòn nan sèvi ak mo sa a ak anpil fyète. Istwa sa a montre kouman fason moun dirije ak jan moun nan yon zòn travay nan tèt ansanm kab fè move chemen lè gen nouvo resous ki rive nan yon zòn, men tou egzanp sa a montre kouman yo kab remete bon abitud sa yo anplas.

Kesyon pou ankouraje refleksyon ak diskisyon

Yo pwodui etid sa yo pou ankouraje moun ki vin pran pa nan pwogram pou lidèchip CHLE ap òganize a pou ankouraje yo fè konvèsasyon antre yo. Men kèk kesyon kòm sijesyon pou ede animatè yo poze moun k ap pran pa nan pwogram nan pou yo kab reflechi yon fason pwofonde sou egzanp yo analize yo.

1. Èske sa se yon egzanp devlopman kote se moun nan zòn nan ki ap fè devlopman an? Pou ki sa? Oubyen pou ki sa ou pa panse sa?
2. Ki teknik lidè yo itilize pou fè moun kòmanse travay ansanm pou yo reyalize menm objektif?
3. Èske w kab idantifye yon kote nan istwa a kote gen yon gran chanjman ki fèt?
4. Kilès ki te dirijan yo? Pou chak dirijan sa yo, make:
 - Kalite yo gen lakay yo tout moun kab wè
 - Ki sa ki motive yo pou fè yo vin aji an dirijan
5. Ki moun, oubyen ki gwoup ki gen yon bon bagay nan yo lidè yo te pran kòm egzanp oubyen ki sa k ap fèt nan zòn nan ki ba yo bourad?
6. Ki sa dirijan ki nan istwa sa yo te fè pou ankouraje plis moun pran pa nan sa y ap fè yo ofiramezi?
7. Ki sa ki kab fèt pou ankouraje moun kòmanse aktivite sa yo nan lòt zòn?
8. Kouman aktivite lokal sa yo kab amelyore lavi plis moun nan zòn nan (sou plan ekonomik, sou plan politik, oubyen sou plan sosyal)?
9. Ki opòtinite oubyen ki difikilte ou wè nan jan òganizasyon an kab kontinye fè aktivite sa yo?
10. Èske istwa sa a gen rapò ak jan ou travay ak gwoup kominotè?
11. Si w ta vle investi nan aktivite sa a, ki kalite investisman ou panse ki ta pi itil zòn nan?
12. Dapre esperyans pa ou, èske w kab sonje yon egzanp kote te gen yon bon kolaborasyon ant yon gwoup kominotè ak sipò ki sot lòt kote tankou Biwo leta, ONG, oubyen òganizasyon ki nan sektè prive? Ki sa ki te fè kolaborasyon sa yo reyisi?



COADY
INTERNATIONAL INSTITUTE
ST. FRANCIS XAVIER UNIVERSITY
Igniting Leadership

Le Centre Haïtien
du Leadership et
de l'Excellence

Coady International Institute ak Le Centre Haïtien du Leadership et de l'Excellence voye yon gran mès bay òganizasyon sa yo ki finanse nou:

American Jewish
Joint Distribution
Committee



Foreign Affairs, Trade and
Development Canada

Affaires étrangères, Commerce
et Développement Canada

ONEXONE
HOPE BELONGS TO EVERYONE

THE
TK
FOUNDATION